

Dat limit FEMA a pase men èd toujou disponib; Finansman Federal depase 711.7 milyon dola

Release Date: Janvye 6, 2022

TRENTON, N.J. – FEMA ankouraje aplikan yo pou yo kenbe kontak pou swiv ka yo. Nou ankouraje rezidan ki kwè asistans yo te resevwa pou reparasyon yo pa ase pou kontakte FEMA pou yo soumèt yon kontestasyon. Yo ka mande sivivan yo pou yo soumèt estimasyon reparasyon, resi oswa lòt dokiman ki eksplike ka yo. Sivivan yo ta dwe notifye ajans lan tou sou domaj an plis yo dekouvri nan kay yo depi enspeksyon yo a. Yo ta dwe mete ajou adrès postal oswa imèl oswa nimewo telefòn tou ak estati règleman asirans yo.

Aplikan ki nan konte Bergen, Essex, Gloucester, Hudson, Hunterdon, Mercer, Middlesex, Morris, Passaic, Somerset, Union oswa Warren yo ka kontakte Liy Èd FEMA nan **800-621-3362** oswa (TTY) **800-462-7585**. oswa ale sou entènèt nan [DisasterAssistance.gov](https://www.fema.gov/disaster-assistance) pou kenbe FEMA ajou oswa pou kesyon swivi.

Liy telefòn gratis yo opere kounye a ant 7 a.m. ak a 1 a.m. chak jou. Si w ap itilize yon sèvis relè, tankou sèvis relè videyo (Video Relay Service, VRS), sèvis telefòn ak soutit oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo sèvis sa a. Operatè ki pale plizyè lang disponib yo.

Finansman Federal depase 711,7 milyon dola

Kat mwa depi Prezidan Joe Biden te deklare yon gwo dezast nan New Jersey, **yo te bay rezidan New Jersey yo plis pase \$711.7 milyon dola** nan finansman federal pou ede yo ak rekipasyon. Men detay sou finansman yo:

- Plis pase **215.6 milyon dola** nan sibvansyon lojman FEMA pou ede peye pou reparasyon kay, ranplasman kay ak asistans lwaye pou lojman tanporè.
- Plis pase **230.1 milyon dola** nan prè pou katastwòf Administrasyon Ti Antrepriz yo Etazini yo ak enterè ki ba yo apwouve pou pwopriyetè kay, lokatè ak



pwopriyetè biznis.

- Prèske **266 milyon dola** yo peye bay moun ki gen asirans Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon nan tout eta a.

Pwopriyetè kay, lokatè ak biznis ki te aplike pou prè pou katastwòf ak enterè ki ba nan men Administrasyon Ti Biznis Etazini yo ka reponn ak kesyon yo nan Sant Sèvis Kliyantèl Asistans pou Katastwòf SBA a nan 800-659-2955. (800-877-8339 pou moun ki soud ak moun ki gen difikilte pou tandè) , oswa imèl disastercustomerservice@SBA.gov.

Pou jwenn dènye enfòmasyon yo, ale sou fema.gov/disaster/4614. Swiv kont Twitter FEMA Rejyon 2 a sou twitter.com/FEMAreion2.



FEMA

Page 2 of 2